



Chapit sa a ofri yon apèsi sou efò Vil Nouyòk ap fè pou avanse jistis klimatik depi Rapò Espesyal NPCC 2019 la, ki gen ladann fason kominote lokal yo kontinye abòde plizyè kalite estrès klimatik. Chapit la konekte tou difikilte klimatik Vil Nouyòk ak istwa kolonizasyon, depotesyon tè, ak esklavaj nan rejyon an. Chapit la baze sou prèv k ap parèt ki montre kouman modèl itilizasyon tè istorik ak kontanporen ak desizyon yo enfluyanse risk klimatik ak vilnerabilite sosyal, tankou depasman klima.

**Pwen esansyèl nan chapit sa enkli:**

1. **Depi 2019, efò yo sou egalite nan vil la ki gen rapò ak klima, konsantre pi plis sou reparasyon nan enjistis anviwònman ak diferans ant tout ras atravè adopsyon lwa ak pwogram, bay plis sèvis nan vil la, kreye tablo piblik pou swiv ak pataje pwogrè vil la, epi entegrasyon nan metòd pou egalite nan evalyasyon risk klima, ak planifikasyon pou dirablite ak rezilyans.** Depi rapò NPCC 2019 te pibliye, fondasyon egalite nan lavil la te elaji yon premye lwa ki te ale pi lwen pase sèlman jistis anviwònman, pou li enkli jistis pou tout ras ak jistis klimatik. Efò Vil la te vize pou adrese kad enstitisyonèl pou avanse egalite sosyal ak ant tout ras, kòmanse avèk yon rekonesans klè nan eritaj ak efè ki pèsistan nan rasis estriktirèl sou sante, revni, ak aksè nan sèvis kòm yon premye etap nan operasyon egalite pou tout ras ak jistis sosyal.
2. **Travay jistis klimatik vil la ta benefisye de done ki pi konplè sou risk klimatik dezagregasyon nan nivo lokal epi swiv pwojè adaptasyon klima ak envestisman rezilyans ke Vil la finanse.** Konpreyansyon nou limite sou enpak chanjman klima yo ak bezwen ki genyen sou adaptasyon nan nivo kominote ak komin, anplis de sa, done yo limite sou pwojè entegrasyon ak envestisman rezilyans ke Vil la sipòte. Plis done sou risk klima lokalize ak swivi sistematik sou pwojè adaptasyon ak envestisman rezilyans vil la patwone t ap ede enfòme rezidan vil yo sou enpak chanjman nan klima ak bezwen adaptasyon nan katye ak kominote yo.
3. **Kèk nan kominote ki pi majinalize Vil Nouyòk yo te aplike apwòch dinamik pou konbat yon varyete risk anviwonmantal, klimatik ak sosyal pandan y ap bay kominote yo plizyè benefis.** Avantaj sa yo genyen ladan yo ogmante aksè a enèji solè ak bay refwadisman kay ki gen gwo chalè ak polisyon nan lè ke y ap respire a.
4. **Pwoblèm klimatik Vil Nouyòk yo lye ak istwa rejyon an, tankou esklavaj ak depotesyon tè.** Konprann enpak istwa sa a enpòtan anpil pou fòme politik ak estrateji efikas pou diminye ak adapte yo ak enpak klima. Yon rekonesans sou eritaj istorik enpak klima a sou rejyon an, ak sou sèten kominote, montre yon nesosite pou reparasyon ak jistis restoratif. Lè yo rekonèt konesans Endijèn yo, epi rekonsepyalize relasyon li ak tè a, Vil la ka fòje yon avni ki respekte anviwònman an, ki ankouraje jistis sosyal ak ant ras yo, epi ki asire byennèt tout kominote yo.
5. **Vil Nouyòk ta dwe ankouraje rezilta ak pwosedi egalite pou tout ras nan estrateji pou diminye, ajiste, ak rezilyans klimatik pou adrese itilizasyon tè inekitab ak modèl mache ki ogmante oswa kenbe risk klimatik ak vilnerabilite sosyal.** Malgre ke relasyon ki genyen ant itilizasyon istorik tè ak risk klimatik yo konplèks epi yo depann de kontèks, yo souvan gen korelasyon ki sanble tankou desizyon diskriminatwa nan itilizasyon tè ak lokalizasyon nan tan pase, diskriminasyon finansye ak dezinvestisman ak pri tè pi ba nan zòn ki gen danje. Anpil pwoblèm itilizasyon tè—pase ak prezan—anfòse youn lòt epi kreye risk ak frajilite nan lavni.
6. **Vil Nouyòk ta dwe mezire depasman klimatik ak transfòmasyon katye—yon dimansyon enpòtan nan vilnerabilite sosyal fas a chanjman klimatik—atravè yon nòt konbine depasman klimatik ak vilnerabilite sosyal (CDSV) rekòmande pou ede enfòme efò pou bese risk depasman an.** Kapasite Vil la pou mezire risk depasman klima a nan nivo katye a ta ka ede detèmine si ak kijan nouvo enfrastrikri ak envestisman ki fèt pou ede vil la adapte ak enpak klima a ta ka lakòz depasman moun.
7. **San yo pa gen estrateji anti-depasman an plas, envestisman pou ankouraje rezilyans ka gen rezilta enjis.** Pou reyalize ajisteman klimatik ekitab, li enpòtan pou bay priyorite apwòch rezilyans klimatik ki dirije pa kominote yo pa: (1) entegre bon sans egalite ak konprann istwa kote yo nan nivo katye a; (2) pran yon apwòch global pou



diminye vilnerabilite ki baze sou ras nan chòk klimatik yo, ki gen ladan pwoblèm ki kwaze ak enpak klima tankou lojman ak aksè transpò piblik; epi, (3) rekonèt ke fado pri ajisteman klima a (pa egzanp, pi gwo pri enèji, prim asirans, demenajman) afekte moun yon fason diferan—sitou lè yo konsidere diferans nan posede kay ak richès—epi sa ka ogmante risk depasman.

8. **Pi bon pratik ki soti nan vil Nouyòk ak nan lemond antye montre enpòtans apwòch entegre, afimatif anti-rasis, ekkitab ak jis pou abòde risk klimatik yo.** Twa gwo kategori meyè pratik yo idantifye pou apwòch ajisteman klimatik ki pi ekkitab e ki gen jistis rasyal yo se: (1) apwòch entegratif pou rezistans klimatik ki chèche opòtinite pou avanse tranzisyon jis ak ekonomi adaptasyon; (2) pwosesis planifikasyon kominote yo dirije ki fè plan adaptasyon yo gen plis siksè devan risk lojman ak depasman klimatik ki kwaze; epi, (3) devlopman kolaboratif nan objektif, pwogram, politik atravè itilize relasyon ant kominote yo, òganizasyon sivil, ak biwo ak pwogram gouvènman leta ak lokal yo.

## Rezime

*Pwogrè Jistis Klimatik nan Estrateji Ajisteman Klimatik pou Vil Nouyòk bay yon apèsi sou efò Vil Nouyòk pou abòde jistis klimatik, ki bati sou rezilta ak rekòmandasyon NPCC3.* Chapit sa a evalye efò Vil la ap fè pou entegre egalite ak jistis nan enpak klimatik depi 2019 epi mete aksan sou fason kominote Vil Nouyòk yo te aplike apwòch inovatè pou adrese estrès klimatik ak sosyal ki konekte e k ap kontinye yo. Chapit sa a esplikè ki jan istwa kolonizasyon ak deposedasyon tè rejyon an, ak modèl ak desizyon sou itilizasyon tè pase yo ak prezan, enpak sou risk klima k ap kontinye ak vilnerabilite sosyal, tankou depasman. Youn nan rekòmandasyon yo se yon metrik ki konsantre sou Vil Nouyòk pou kreye yon nòt konbine depasman klimatik ak vilnerabilite sosyal (CDSV). Paramèt sa a fèt pou idantifye zòn vil la ki pi vilnerab a danje klimatik, diferans sosyo-ekonomik, ak depasman. Yo ta ka kalkile metòd nòt rekòmande a nan nivo katye a pou mete aksan sou vilnerabilite sèten popilasyon ak risk klimatik kwaze. Chapit la gen ladann meyè pratik ki soti nan kontèks lokal, nasyonal ak entènasyonal ki bay priyorite a apwòch rezilyans klimatik ki kondwi pa kominote ki pi entegre, ekkitab e ki genyen jistis rasyal.

## Otè Chapit yo:

Sheila R. Foster, Ana Baptista, Khai Hoan Nguyen, Jack Tchen, Marco Tedesco, Robin Leichenko

## Rekonesans:

Gwoup Rechèch Kominikasyon Risk nan Cornell University te devlope premye pwojè rezime sa a. Mèsi anpil a Doktè Josephine Martell, Dwayen Asosye Akademik, Graduate School (Nivo Metriz), dèske li te dirije rezime chapit sa a. Epi tou, mèsi a Doktè Katherine McComas, Pwofesè, Depatman Kominikasyon, Doktè Catherine Lambert, Konferansye, Depatman Kominikasyon, Doktè Dominic Balog-Way, Asosye rechèch, Depatman Kominikasyon, Alisius Leong, kandida Doktora, Depatman Kominikasyon, ak Rebekah Wicke, etidyan Doktora, Depatman Kominikasyon.

## Rekòmande

Foster, S., Baptista, A., Nguyen, K. H., Tchen, J., Tedesco, M., Leichenko, R. (2024). NPCC4: Advancing Climate Justice in Climate Adaptation Strategies for New York City: Summary  
[www.climateassessment.nyc](http://www.climateassessment.nyc)